



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON K AP RANFÒSE SEKIRITE NAN  
AYOPÒ ENTÈNASYONAL HANCOCK LA NAN SYRACUSE**

***Lejislasyon (S.8736A/A.9819A) otorize Otorite Ayopò Rejyonal Syracuse la kreye  
epi konsève pwòp fòs polis li***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon k ap amelyore sekirite nan Ayopò Hancock Entènasyonal la. Pwojè lwa a ap otorize Otorite Ayopò Rejyonal Syracuse la (kreye epi konsève pwòp fòs polis li nan Ayopò a, k ap amelyore operasyon sekirite yo epi bay plis mezi sekirite ki inifòm.

"Lè nou konsakre ofisye polis nan Ayopò Entènasyonal Hancock la, n ap ede asire sekirite Nouyòkè yo ak vizitè yo menm jan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa ap bay vwayajè ak anplwaye ayopò yo plis lapè nan lespri yo lè y ap vwayaje nan Syracuse."

Aktyèlman, ofisye Depatman Polis Syracuse (Syracuse Police Department, SPD) yo fè patwouy nan Ayopò Entènasyonal Hancock la, ki enkli pwen verifikasyon TSA yo, men pwoblèm rekritman nan SPD a te rann li pi difisil pou ofisye SPD yo rekrite kòrèkteman nan Ayopò a. Pwojè lwa sa ap pèmèt Otorite Ayopò Rejyonal Syracuse yo tabli pwòp fòs polis li epi evite pwochen konfli rekritman ak SPD. Otorite polis Ayopò a ta konsidere ofisye polis Eta New York yo ak pouvwa pou aplike lalwa epi evite vyolasyon lalwa, ak jiridiksyon ki limite nan pwopriyete Ayopò a.

**Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare,** "Renesans nan Ayopò Entènasyonal Hancock la ak amelyorasyon k ap vini yo ap bay New York Santral pòtay klas mondyal ke rezidan li yo merite epi ke biznis yo bezwen. Ak kreyasyon pwòp fòs polis li, li gen yon solisyon alontèm kounye a pou amelyore sekirite piblik. Mwen rekonesan ak Otorite Ayopò a dèske li egzekite vizyon li, a Manm Asanble Magnarelli, pou patenarya li, ak Gouvènè Hochul dèske li ratifye rapidman lejislasyon enpòtan sa an lwa."

**Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare,** "Sekirite nan ayopò nou yo se yon enkyetid siprèm. Lè nou kreye yon fòs polis inifòm aplanan, n ap kapab evite konfli orè ak pwoblèm nivo rekritman, kidonk kenbe ayopò nou yo an sekirite."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418